

Your Legal Services Program Name

ENFÒMASION LEGAL POU SIKLÒN

KÉKSION YO RENMEN POZÉ – LOKATÈ

1. Apatman koté map viv la nan mové kondision apré siklòn nan, men mè kay la di si mwen vlé rété ladan, sé pou mwen péyé lwayé-a anplen - ki sa mwen ta dwé fè?

Mèt kay la kapab gen problèm finansyé jouktan konpayi asirans li bay lajan pou li fè réparasion. Palé ak mè kay la pou ou wè si li kapab rétiré sou lajan lwayé-a jouktan apatman-an réparé. Gadé wè si mè kay la kapab penmèt ou janbé nan yon lòt apatman ki nan pi bon kondision.

2. É si mè kay la pa vlé négosyé?

Ou gen dwa pou rétiré nan lajan lwayé-a pou kantité domay ki gen nan apatman-an. Si pa gen mwayen pou ou rété nan apatman-an, ou kapab déplasé alé yon lòt koté. Ninpòt kouman, ou dwé voyé yon lèt sètifiyé bay mè kay la pou ou fè li konnen sa ouap fè. Tanpri kontaké Florida Rural Legal Services pou plis enfòmasyon sou sa ou kapab fè nan sitiasion ou.

3. Tout bagay mwen té krazé lè rouf koté mwen lwé-a té tonbé - ki èd mwen kapab jwenn?

Si ou té gen asirans pou lwayé pandan siklòn nan, kontaké konpayi asirans ou. Si ou nan yon sitiasion dézespéré, ou bézwen dékri sitiasion ou bay asirans konpayi-an. Si asirans konpayi-an dakò pou kouvri sa ou pèdi, ou kapab mandé pou yo ba ou yon avalwa pou kouvri yon pati nan bagay ou pèdi.

4. É si mwen pa gen okenn asirans pou bagay mwen genyen?

Si ou pat gen asirans lokatè, gadé wè si mè kay la gen asirans pou kouvri bagay ou genyen. Si pa gen okenn asirans ditou ki kouvri bagay ou pèdi, ou kapab jwenn lajan FEMA nan program pou individvi ak mè ki résponsab kay pou ranplasé bagay pèsonèl ou ki nésésè, tankou rad, atik pou kay, founiti ak récho epi frijidè. Ou kapab apliké nan FEMA pou bénéfis sa yo nan 1-800-621-3362 (osinon 1-800-462-7585 pou moun ki pa tandé ben ak moun ki palé klè).

5. Mèt kay la di'm pou'm soti démen paské li bézwen apatman-an pou pitit fi li ki pèdi kay li nan siklòn nan, épi tou li di si mwen pa soti lap chanjé lòk yo - eské mwen dwé soti?

Lalwa Florida pa penmèt yon mè kay fèmen ou déyò osinon fèmen itilite yo osinon itilizé okenn lòt mwayen pou fòsé ou soti. Mèt kay la kapab ranpli yon aksion nan tribinal pou mandé ou soti, épi tou ou gen pou ou soti sèlman lè jij la bay yon jijman final sou ka-a. Mèt kay la dwé ba ou yon notis ékri anvan li rantré yon aksion kont ou nan tribinal pou mandé pou ou soti.

Si ou résévwa papié tribinal ki mandé pou ou soti, ou kapab rélé Sèvis Légal pou ba ou

enfòmasyon sou kijan ou kapab voyé yon répons sou kalité prosé sa-a. Si mèt kay la fèmen ou déyò, ou kapab rélé polis, épi tou ou kapab konsilté yon avoka pou ou chaché konnen ki aksion ou kapab pran pou domay sa kozé sou ou.

(Kontinié nan do-a)

(Kontinié.)

6 . Apatman mwen an nan yon kondision tèlman mal, mwen pa kapab rété ladan, épi mwen prèt pou soti. Mwen bézwen pou yo ban mwen lajan sékirité mwen - ki dwa mwen genyen?

Si ou gen yon kontra lwayé ékri, li kontra sa-a pou wè sa li di. Si ou pa gen yon kontra ékri, épi si nou pat di anyen sou lajan dépozit la, mèt kay la kapab rétownen dépozit ou ba ou nan 15 jou apré ou soti, osinon li kapab voyé yon lèt sètifié ba ou nan 30 jou pou di ou pouki rézon li pap renmèt ou lajan dépozit la. Lè sa-a, ou gen 15 jou sèlman pou ou bay yon répons ékri, san sa mèt kay la ap gen dwa kenbé lajan dépozit la.

Anvan ou kité apatman-an, **ou dwé bay mèt kay la nouvo adrès ou.** Si ou ak mèt kay la pa dakò sou kéksion dépozit la, ou kapab rélé Sèvis Légal. Yo kapab ékspliké ou kouman ou kapab mennen mèt kay la nan tribinal pou ou réklamé lajan dépozit ou.

Si ou gen kèk lòt kéksion, tanpri rélé biwo ki pi pré ou-a pou plis enfòmasyon.

Your Legal Services Program Information
